

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Lokasi panalungtikan

Panalungtikan ieu dilaksanakeun di SMAN 9 Bandung, jalan LMU I Suparmin No. I A Telp. (022) 6123806 Bandung.

3.1.2 Sumber Data Panalungtikan

3.1.2.1 Populasi

Populasi nya éta wilayah generalisasi nu ngawengku: objék/subjék nu ngabogaan kualitas jeung karakteristik nu tangtu nu disaluyukeun ku panalungtik pikeun dipelajari tuluy dicindekkeun (Sugiyono, 2012: 80).

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing minat, sikep jeung kamampuh UUBS nu aya dina subjék panalungtikan. Subjék dina ieu panalungtikan ngawengku sakabéh siswa kelas X SMAN 9 Bandung. Siswa kelas X di SMAN 9 Bandung jumlahna aya 403, nu kabagi jadi 10 kelas ti mimiti kelas X-1 nepi ka X-10.

Tabél 3.1
Jumlah Siswa Kelas X SMAN 9 Bandung

Kelas	Jumlah Siswa		Jumlah Sakabéh Siswa
	Lalaki	Awéwé	
(1)	(2)	(3)	(4)
X1	20	19	39
X2	17	23	40
X3	17	23	40
X4	18	23	41
X5	19	22	41

X6	17	24	41
X7	18	23	41
X8	19	21	40
X9	20	19	39
X10	20	21	41
Jumlah	185	218	403

3.3.1 Sampel

Sampel nya éta bagian tina jumlah jeung karakteristik nu dipiboga ku éta populasi (Sugiyono, 2012: 81).

Tina populasi di luhur pikeun nangtukeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta maké random sampel atawa sampel acak. Nurutkeun Arikunto (Supriatini, 2011: 78), nya éta lamun subjékna kurang ti 100, alusna dicokot kabéh nepi ka panalungtikanna mangrupa panalungtikan populasi, ngan lamun jumlah subjékna loba, bisa dicokot 10-15% atawa leuwih, gumantung tina 1) kamampuh panalungtik ditingali tina waktu, tanaga, jeung waragad, 2) heureut legana wilayah panalungtikan tina unggal subjék, sabab hal ieu gumantung loba henteuna data, jeung 3) gedé leutikna résiko nu ditanggung panalungtik.

Dumasar kana hal di luhur, sampel dina ieu panalungtikan ditangtukeun 10% tina populasi anu geus ditangtukeun nya éta 40 jalma atawa 40 siswa, pikeun dijadikeun sampel. Carana téh nya éta ku cara diundi saperti arisan. Kertas meunang nyoékan, ditulis ku ngaran kelas X anu aya di SMAN 9 Bandung, nya éta kelas X-1 – X-10, unggal kertas digulungan sarta diasupkeun kana tempat pikeun ngundi, tuluy diundi nepi ka kaluar kertas kelas X 9. Jadi nu jadi sampel dina ieu panalungtikan nya éta kelas X 9.


3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa sakabeh prosés anu diperlukeun dina rarancang jeung pelaksanaan panalungtikan. Desaian panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta panalungtikan korélasional, nu

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dimaksud panalungtikan korélasional nya éta ngahubungkeun variabel nu hiji jeung nu lianna, ngaliwatan modél pamarekan nu ngagunakeun sakali pengumpulan data.



bagan 3.1

(Sugiyono, 2012: 156)

Keterangan :

X_1 = Minat Diajar Siswa

X_2 = Sikep Makéna Basa

Y = Kamampuh UUBS

Data dina ieu panalungtikan maké angkét. Angkét digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan minat diajar, sikep maké basa, jeung kamampuh undak-usuk basa Sunda

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif korélasional (*Correlation Description Studies*). Ieu méthode panalungtikan téh dilakukeun pikeun mikanyaho yén ayana hubungan antara tilu variabel, nya éta variabel minat, sikep, jeung kamampuh undak-usuk basa Sunda.

Data minat jeung sikep dikategorikeun kana variabel bebas, sedengkeun kamampuh undak-usuk basa Sunda dikategorikeun kana variabel kauger. Hubungan katilu variabel ieu bisa ditampilkeun ku cara ngukur tingkat signifikansina, nepika bisa katingali sabaraha gedé peranan minat jeung sikep kana kamampuh undak-usuk basa Sunda. Méthode ieu dipilih dumasar kana tujuan anu hayang di hontal, nya éta ngadéskripsikeun korélasi antara minat jeung sikep

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kana kamampuh undak-usuk basa Sunda siswa kelas X 9 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2012/1013.

Syamsuddin jeung Vismaia S. Damaianti (2009: 24) nétélakeun yén métode déskriptif nya éta panalungtikan nu tujuanna ngajelaskeun kajadian nu aya jeung ngagunakeun angka-angka pikeun nyerdaskeun karakteristik hiji jalma atawa kelompok. Panalungtikan déskriptif meunteun sipat tina kaayaan anu katingali. Tujuan panalungtikan nu ngagunakeun métode déskriptif diwatesanan nya éta pikeun ngagambarkeun karakteristik anu sakumaha ayana.

Panalungtikan korélasi, nurutkeun Syamsuddin jeung Vismaia S. Damaianti (2009: 25) nétélakeun yén panalungtikan korélasional nya éta aya hubungan jeung meunteun hubungan antara dua atawa leuwih kajadian.

Nurutkeun Arikunto (Supriatin, 2011: 60) panalungtikan korélasional dilakukeun pikeun meunangkeun aya henteuna hubungan antar variabel, lamun aya sakumaha dalitna éta hubungan sarta aya hartina atawa henteu aya hubunganna.

Dina ieu panalungtikan, métode déskriptif korélasional digunakeun pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan korélasi antara minat jeung sikep kana kamampuh undak-usuk basa Sunda siswa kelas X 9 SMAN 9 Bandung mangsa kiwari (nu keur lumangsung).

3.4 Définisi Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tafsir ti nu maca, ieu baris dijelaskeun ngeunaan wangenan operasional anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

1) Minat

Minat nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta karep siswa kelas X 9 SMAN 9 Bandung kana diajar basa Sunda.

2) Sikep

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitkn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sikep dina ieu panalungtikan mangrupa réaksi siswa (pamaké basa) kelas X 9 SMAN 9 Bandung kana basana sorangan jeung basa batur.

3) Kamampuh undak-usuk basa Sunda

Kamampuh nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh siswa kelas X 9 SMAN 9 Bandung pikeun ngalarapkeun pamakéan basa anu ngagunakeun aturan undak-usuk basana.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina KUBS LBSS (1992: 179) instrumén téh asal kecap tina basa Walanda anu hartina pakakas (*alat*). Instrumén panalungtikan di dieu maksudna nya éta pakakas atawa alat anu digunakeun pikeun panalungtikan.

1) Instrumén ngumpulkeun data.

Instrumén ngumpulkeun data nya éta pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa angkét jeung tés.

a) Angkét skala minat

Instrumén angkét (inventori) digunakeun pikeun manggihan data atawa informasi ngeunaan minat siswa kelas X 9 SMAN 9 Bandung kana pangajaran basa Sunda. Instrumén dilampirkeun, kisi-kisi minat saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Kisi – kisi Minat

No.	Indikator	Aspék	Pernyataan	
			(+)	(-)
1.	Diajar basa Sunda (belajar)	➤ Kognitif	1, 3, 4	
		➤ Afektif	2	5
2.	Ngagunakeun basa Sunda (penutur)	➤ Kognitif	7, 8	
		➤ Afektif	6	9, 10

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

b) Angkét skala sikep

Instrumén angkét (inventori) digunakeun pikeun manggihan data atawa informasi ngeunaan sikep makéna basa Sunda siswa kelas X 9 SMAN 9 Bandung. Instrumén dilampirkeun, kisi-kisi minat saperti ieu di handap.

Tabél 3.3
Kisi – kisi Sikep

No.	Indikator	Aspék	Pernyataan	
			(+)	(-)
1.	Reueus kana basa Sunda (memiliki)	➤ Kognitif	1	2
		➤ Afektif	3	
		➤ Konatif	4, 5	
2.	Diajar basa Sunda (belajar)	➤ Kognitif	10	
		➤ Afektif	6	7
		➤ Konatif	8	9
3.	Ngagunakeun basa Sunda (penutur)	➤ Kognitif	12	
		➤ Afektif	11, 15	14
		➤ Konatif	13	

c) Tés kamampuh undak-usuk basa Sunda

Instrumén tés nu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina kamampuh undak-usuk basa Sunda téh ngawengku 15 soal. 7 soal wangun ngajodohkeun, 8 soal wangun uraian (éséy) ngarobah kalimah jadi kalimah hormat. Instrumén dilampirkeun, kisi-kisi soal saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Kisi-kisi Kamampuh UUBS

No.	Wangun UUBS	Ranah		
		Ingetan	Pamahaman	Aplikasi

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.	Basa loma			
2.	Basa lemes keur sorangan	13, 14, 15	4, 8	6, 10, 12
3.	Basa lemes keur ka batur	5	1, 7, 9	2, 3, 11

3.6 Prosés Mekarkeun Instrumén

3.6.1 Uji Validitas

Uji validitas dina ieu panalungtikan digunakeun sangkan aya kasaluyuan antara alat ukur jeung tujuan anu diukurna, maksudna tés anu diukur kudu valid. Validitas tésna dihontal maké cara uji coba. Unggal skor dipaluruh dumasar kana skor anu dihasilkeun ku siswa. Pikeun mikanyaho validitas tés minat diajar basa Sunda, panalungtik ngagunakeun rumus *product moment angka kasar*, rumusna saperti ieu di handap

$$r_{xy} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{N \sum X^2 - (\sum X)^2\} \{N \sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

(Sugiyono, 2012: 183)

Keterangan:

r_{xy} = koéfisién korélasi antara variabel X jeung Y, dua variabel nu dikorélasikeun.

Sanggeus kapanggih harga r_{xy} , tuluy ditafsirkeun kana kritéria validitas soal.

Tabél 3.5
Hasil Konférsi Interpretasi Validitas

"r"	Interpretasi
0.800 - 1.00	Luhur Pisan

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

0.600 - 0.800	Luhur
0.400 - 0.600	Cukup
0.200 – 0.400	Handap
0.000 – 0.200	Handap Pisan

a) Uji validitas angkét minat

Pikeun ngahémat waktu, panalungtik ngitungna ku cara *perhitungan* tabél dina program *Excel*. (ilikan lampiran)

Dumasar kana hasil ngitung tingkat validitas angkét minat tina 25 pernyataan téh katitén aya 5 pernyataan anu validitasna luhur nya éta pernyataan nomer 2, 5, 9, 21, jeung 24. Anu validitasna cukup aya 14 pernyataan nya éta pernyataan nomer 1, 4, 6, 7, 8, 11, 14, 15, 16, 17, 20, 22, 10, jeung 25. Anu validitasna handap aya 3 nya éta pernyataan nomer 11, 18, jeung 23. Aya 4 pernyataan anu validitasna handap pisan nya éta pernyataan nomer 3, 12, 13, jeung 19. Sedengkeun pernyataan anu validitasna luhur pisan teu aya.

Nilik kana hasil uji validitas nu baris dilaksanakeun, pikeun uji angket minat dina ieu panalungtikan, panalungtik ngarevisi, nambahan jeung miceun sababaraha pernyataan anu teu valid.

Sanggeus direvisi, pernyataan minat anu siap disebar pikeun panalungtikan aya 10 pernyataan tina 25 pernyataan. Saperti pernyataan nomer 2, 4, 6, 7, 9, 12, 13, 17, 18, jeung 19 tetep dipaké tapi direvisi kalimahna jadi leuwih merenah.

b) Uji validitas angket sikep

Pikeun ngahémat waktu, panalungtik ngitungna ku cara *perhitungan* tabél dina program *Excel*. (ilikan lampiran)

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana hasil ngitung tingkat validitas angkét sikep tina 30 pernyataan téh katitén aya 4 pernyataan anu validitasna luhur nya éta pernyataan nomer 4, 5, 22, jeung 29. Anu validitasna cukup aya 10 pernyataan nya éta pernyataan nomer 1, 2, 6, 11, 14, 15, 18, 21, 24, jeung 28. Anu validitasna handap aya 7 nya éta pernyataan nomer 3, 8, 10, 13, 16, 20, jeung 27. Aya 9 pernyataan anu validitasna handap pisan nya éta pernyataan nomer 7, 9, 12, 17, 19, 23, 25, 26, jeung 30. Sedengkeun pernyataan anu validitasna luhur pisan teu aya.

Nilik kana hasil uji validitas nu baris dilaksanakeun, pikeun uji angket sikep dina ieu panalungtikan, panalungtik ngarevisi, nambahan jeung miceun sababaraha pernyataan anu teu valid.

Sanggeus direvisi, pernyataan sikep anu siap disebar pikeun panalungtikan aya 15 pernyataan tina 30 pernyataan. Saperti pernyataan nomer 4, 5, 7, 8, 9, 13, 16, 19, jeung 20 tetep dipaké tapi direvisi kalimahna jadi leuwih merenah. Sesana aya 5 pernyataan deui meunang ditambahan ku panalungtik.

c) Uji validitas tés UUBS

Pikeun ngahémat waktu, panalungtik ngitungna ku cara *perhitungan* tabél dina program *Excel*. (ilikan lampiran)

Dumasar kana hasil ngitung tingkat validitas soal kamampuh undak-usuk basa Sunda tina 10 soal téh katitén aya 4 soal anu validitasna cukup nya éta soal nomer 2, 4, 7, jeung 8. Anu validitasna handap aya 6 soal nya éta soal nomer 1, 3, 5, 6, 9, jeung 10. Lantaran hasil validitas éta euweuh nu luhur, panalungtik mutuskeun pikeun ngaganti soal kamampuh undak-usuk basa Sunda.

3.6.2 Uji Réliabilitas

Nurutkeun Sudjana (Alia, 2007: 46) réliabilitas nya éta kaajegan alat nu dipaké dina ngajén sarupaning hal nu rék diajénna. Hartina iraha baé alat ukur dipaké bakal méré hasil nu rélatif sarua.

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Réliabilitas soal anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta réliabilitas antara kelompok soal, dimana soal éta dikelompokkeun kana dua gundukan, nya éta kelompok *ganjil* jeung kelompok *genap*. Jumlah tina skor-skor dikorelasikeun nepi ka kapanggih harga koéfisien korélasina (r), pikeun réliabilitas digunakeun rumus korélasi saperti ieu di handap:

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum X^2)(\sum Y^2)}}$$

(Sugiyono, 2012: 183)

Keterangan :

r_{xy} : koéfisien korélasi antara variabel X jeung variabel Y, dua variabel nu dikorelasikeun.

\sum_{xy} : jumlah perkalian x jeung y.

x^2 : kuadrat tina x

y^2 : kuadrat tina y

a) Réliabilitas angkét minat

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum X^2)(\sum Y^2)}} = \frac{46953}{\sqrt{(49136)(45130)}} = \frac{46953}{47090,42}$$

$$r_{xy} = 0,997$$

Sanggeus itungan ngagunakeun rumus korélasi *product momen* ku angka kasar kanyahoan yén $r_{xy} = 0,997$. Éta harga karék nunjukeun réliabilitas saparo tésna. Ku sabab kitu, r_{xy} pikeun ieu beulahan disebut ku istilah $r_{\frac{1}{2} \frac{1}{2}}$ atawa r_{gg}

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

singkatan tina $r_{\text{ganjil-genap}}$. Pikeun néangan réliabilitas sakabéh tés digunakeun rumus *Spearman-Brown*, saperti ieu di handap:

$$r_{11} = \frac{2r_{1/2 \ 1/2}}{(1+r_{1/2 \ 1/2})} = \frac{2 \times 0,997}{(1+0,997)} = \frac{1,994}{1,997} = 0,998$$

Tina hasil r_{itung} di luhur, bisa dicindekkeun yén réliabilitas angket minat kaasup kana katégori luhur pisan.

b) Réliabilitas angkét sikep

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum X^2)(\sum Y^2)}} = \frac{70494}{\sqrt{(68375)(72933)}} = \frac{70494}{70617,29} = 0,998$$

Sanggeus itungan ngagunakeun rumus korélasi *product momen* ku angka kasar kanyahoan yén $r_{xy} = 0,998$. Éta harga karék nunjukeun réliabilitas saparo tésna. Ku sabab kitu, r_{xy} pikeun ieu beulahan disebut ku istilah $r_{1/2 \ 1/2}$ atawa r_{gg} singketan tina $r_{\text{ganjil-genap}}$. Pikeun néangan réliabilitas sakabéh tés digunakeun rumus *Spearman-Brown*, saperti ieu di handap:

$$r_{11} = \frac{2r_{1/2 \ 1/2}}{(1+r_{1/2 \ 1/2})} = \frac{2 \times 0,998}{(1+0,998)} = \frac{1,996}{1,998} = 0,999$$

Tina hasil r_{itung} di luhur, bisa dicindekkeun yén réliabilitas angket minat kaasup kana katégori luhur pisan.

c) Réliabilitas tés kamampuh UUBS

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$\begin{aligned}
 r_{xy} &= \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum X^2)(\sum Y^2)}} = \frac{450}{\sqrt{(648)(349)}} \\
 &= \frac{450}{475,5} \\
 r_{xy} &= 0,95
 \end{aligned}$$

Sanggeus itungan ngagunakeun rumus korélasi *product momen* ku angka kasar kanyahoan yén $r_{xy} = 0,998$. Éta harga karék nunjukeun réliabilitas saparo tésna. Ku sabab kitu, r_{xy} pikeun ieu beulahan disebut ku istilah $r_{1/2 1/2}$ atawa r_{gg} singketan tina $r_{\text{ganjil-genap}}$. Pikeun néangan réliabilitas sakabéh tés digunakeun rumus *Spearman-Brown*, saperti ieu di handap:

$$r_{itung} = \frac{2r_{1/2 1/2}}{(1+r_{1/2 1/2})} = \frac{2 \times 0,95}{(1+0,95)} = \frac{1,9}{1,95} = 0,974$$

Tina hasil r_{itung} di luhur, bisa dicindekkeun yén réliabilitas angket minat kaasup kana katégori luhur pisan.

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik angkét (kuesioner) jeung téhnik tés.

Angkét (kuesioner) mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu dilakukeun ku cara méré patalékan atawa pernyataan tinulis ka résponden pikeun dijawab. Angkét mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu éfisien lamun panalungtik apal pasti variabel nu baris diukur jeung apal nu dipiharep ti résponden (Sugiyono, 2012: 142).

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Uma Sekaran (Sugiyono, 2012: 142) ngébréhkeun sababaraha prinsip dina nulis angket salaku téhnik ngumpulkeun data nya éta: *prinsip penulisan, pengukuran, penampilan fisik*.

Téhnik tés mangrupa alat atawa prosedur nu digunakeun pikeun mikanyaho atawa ngukur hiji hal dina kaayaan, kalawan aturan-aturan anu geus ditangtukeun.

Léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data diantarana:

- 1) Konsultasi jeung guru mata pelajaran basa Sunda di SMAN 9 Bandung, anu rék dijadikeun tempat panalungtikan, sarta ngajéntrékeun ngeunaan tujuan panalungtikan jeung jumlah siswa anu baris dijadikeun sampel panalungtikan.
- 2) Ngabagikeun angkét ka siswa, sarta ngajelaskeun cara-cara ngeusianna.
- 3) Ngabagikeun lambar soal tés kamampuh undak-usuk basa Sunda ka siswa sarta ngajelaskeun kumaha cara ngeusianna.
- 4) Ngumpulkeun hasil angket jeung lembar jawaban siswa.
- 5) Sanggeus data ngumpul, ngayakeun *pengecekan* lengkep henteuna lembar angket jeung lembar jawaban tés siswa

3.8 Téhnik Ngolah jeung Nganalisis Data

3.8.1 Téhnik Ngolah Data

3.8.1.1 Uji Syarat Analisis

Aya sababaraha langkah pikeun nguji persyaratan analisis data nya éta:

a) Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanana pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal. Salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat anu normal atawa teu normal, bisa digunakeun rumus *Chi* kuadrat dihandap ieu:

$$X^2 = \sum_{i=1}^k \frac{(Q_i - E_i)^2}{E_i}$$

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$\sum_{i=1}^k E_i$$

(Sudjana, 1996: 273)

Keterangan :

Q_i = Frekuensi nu diamati

E_i = Frekuensi anu dipiharep

K = Jumlah kategori

Nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan katangtuan:

$X_{2 \text{ itung}} > X_{2 \text{ tabel}}$ hartina distribusi data teu normal, tapi upama

$X_{2 \text{ itung}} < X_{2 \text{ tabel}}$ hartina distribusi data normal.

b) Uji Homogénitas

Uji homogenitas dilakukeun pikeun apal homogeny (sarua) atawa henteuna varians tina sampel nu dicokot. Pengujian homogenitas varians ieu bisa diitung ku rumus:

$$F = \frac{\text{Varians Terbesar}}{\text{Varians Terkecil}}$$

(Sugiyono, 2004: 136)

$F_{itung} < F_{tabel}$ variansi sampel homogen, tapi lamun

$F_{itung} > F_{tabel}$ variansi sampel teu homogen.

3.8.1.2 Skala Peunteun

Pikeun meunangkeun data tina variabel-variabel X ngeunaan minat jeung sikep, panalungtik nyusun indikator nu disusun dina wangun pernyataan angkét. Ieu angkét ngawengku 25 pernyataan, 10 ngeunaan minat jeung 15 ngeunaan sikep. Angkét nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta angkét *tertutup*, maksudna nya éta jawaban angkét baris disadiakeun ku panalungtik, tuluy

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitkn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

résponden (siswa) milih atawa ngajawab nu saluyu jeung kahayangna sewang-sewangan. Dina variabel Y ngeunaan kamampuh undak-usuk basa Sunda, panalungtik ngajukeun 15 soal nu disaluyukeun jeung matéri undak-usuk basa nu geus ditepikeun.

Penskoran dina variabel X ngagunakeun skala Likert. Waleran unggal instrumén nu ngagunakeun skala Likert ngabogaan gradasi tina positif nepika négatif, nu bisa mangrupa kekecapan: Satuju Pisan (SP), Satuju (S), Teu Satuju (TS), jeung Teu Satuju Pisan (TSP). Sistém méré nilai atawa penskoran pikeun pernyataan nu positif nya éta: SP = 4, S = 3, TS = 2, TSP = 1. Sedengkeun pikeun pernyataan négatif, nya éta: SP = 1, S = 2, TS = 3, TSP = 4.

Sedengkeun skor kamampuh undak-usuk basa Sunda ngagunakeun presentasi:

$$\text{Presentasi} = \frac{\text{Skor Siswa} \times 100\%}{\text{Skor Ideal}}$$

Nangtukeun kamampuh undak-usuk basa Sunda dumasarkeun presentasi nilai-nilai nu ngawengku Sampurna, alus pisan, alus, cukup, sedeng, hampir sedeng, kurang, kurang pisan, goréng, jeung goréng pisan.

Tabél 3.6
Skor Kamampuh Undak-usuk Basa Sunda

Interval Persentasi	Nilai	Keterangan
96% - 100%	10	Sampurna
86% - 95%	9	Alus Pisan
76% - 85%	8	Alus
66% - 75%	7	Cukup
56% - 65%	6	Sedeng
46% - 55%	5	Hampir Sedeng
36% - 45%	4	Kurang
26% - 35%	3	Kurang Pisan

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

16% - 25%	2	Goréng
0% - 15%	1	Goréng Pisan

3.8.1.3 Uji Hipotésis

Baris data diuji normalitas jeung homogenitas, tuluy dilakukeun uji hipotesis. Pikeun nganalisisna panalungtik ngagunakeun uji regresi. Nurutkeun Sugiyono (2004: 234) analisis uji regresi pikeun apal kumaha variabel dependen/kriteria bisa diprediksikeun ngaliwatan variabel independen atawa *predictor*. Persamaan nya éta:

a) Regresi linier sederhana nya éta $Y = a + bX$

b) Regresi linier ganda nya éta $Y = a + bX_1 + cX_2$

Saacan nguji regresi ganda, panalungtik ngalakukeun uji regresi linier tina variabel sewang-sewangan, variabel bebas kana variabel kaiket nya éta variabel skor angket minat kana kamampuh undak-usuk basa Sunda jeung skor angket sikep kana kamampuh undak-usuk basa Sunda.

Hipotesis dina ieu panalungtikan nya éta:

H_0 = teu aya hubungan anu signifikan antara minat jeung sikep kana kamampuh undak-usuk basa Sunda siswa kelas X 9 SMAN Bandung.

H_a = aya hubungan anu signifikan antara minat jeung sikep kana kamampuh undak-usuk basa Sunda siswa kelas X9 SMAN Bandung.

3.8.2 Nganalisis Data

Dina tahap nganalisis data, léngkah garapan nu dipigawé nya éta:

- 1) Sanggeus data dikumpulkeun, diayakeun pamariksaan data pikeun misahkeun data anu bisa digunakeun.
- 2) Ngawilah-wilah data pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan jumlah siswa anu ngabogaan minat, sikep jeung kamampuh undak-usuk basa Sunda.

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Nganalisis data ngagunakeun rumus korélasi *product momen* jeung korélasi régresi pikeun meunangkeun gambaran ayana hubungan antar hiji variabel jeung variabel lianna.
- 4) Ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan.
- 5) Napsirkeun data hasil panalungtikan.
- 6) Nyieun kacindekan hasil panalungtikan.



Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu